


KI SA M KA FÈ POU M PREPARE PITIT MWEN POU YON EVALYASYON?

1. Eseye pou w pa bay tèt ou twòp pwoblèm pou rezilta tès yo, ki se sèlman yon pati nan demach evalyasyon an. Lè w twò ensiste sou rezilta tès yo, sa twouble timoun yo.
2. Yo pa dwe janm jije timoun sèlman sou rezilta tès. Rezilta tès montre fòs ak feblès timoun nan pou yon jou byen patikilye.
3. Paran dwe reyini ak pwofesè pitit yo pi souvan yo kabap. Lè paran ak pwofesè travay ansanm, se timoun nan ki benefisyé.
4. Paran dwe rasire yo timoun nan byen repoze I nan tout jou lekòl epi manje sa ki bon pou santé I.
5. Ankouraje prezans timoun yo lekòl chak jou. Rezilta tès yo montre sa timoun nan konnen nan sa li te aprann. Plis yon timoun nan yon milye apprantisaj, se plis l'ap bay bon pèfòmans nan egzamen.
6. Pa gen mwayen espesyal pou prepare pou yon tès entèlektyèl. Fè timoun yo fè anpil eksperyans (pratik) ki pou anrichi konesans yo, se sa ki kapab ogmante pèfòmans yo nan tès. Pratik sa yo ka gen ladan yo lekti, vizite mize atistik, evennman kiltirèl, etc.



SÈVIS POU ELÈV DIREKSYON JENERAL LEKÒL LETA NAN KANTON POLK LA

P.O. Box 391
Bartow, Florida 33830
(863) 534-0962

SA W DWE ESPERE LÈ YO REFERE PITIT OU POU YON EVALYASYON SIKOLOJIK?



YON GID POU PARAN KONSÈNAN DEMACH REFERANS

KI SA KI GEN NAN YON EVALYASYON SIKOLOJIK?

Gen anpil etap nan yon evalyasyon sikolojik. Yo suiv regleman federal ak regleman Eta a pou reyalize etap sa yo.

1. Pwofesè yo ap ranmase enfòmasyon ki konsènen pwogrè edikatif ptit ou. Y'ap bezwen pèmisyon paran pou aktivite tès anndan lekòl la. Enfòmasyon y'ap ranmase yo ka gen ladan yo sa pwofesè obsève nan sal klas, kontwòl oswa tès entèlektyèl ak akademik, enfòmasyon sou pwofesè ak paran e/oswa revizyon dosye lekòl ak dosye medikal.
2. Ekip Asistans entèvansyon lekòl la ap rankontre pou revize enfòmasyon yo ranmase a. Ekip sa a gen ladann paran, pwofesè sal klas ak pwofesè edikasyon elèv eksepsyonèl, sikològ lekòl la, konseye lekòl la ak lòt manm pèsonèl, si nesesè. Ekip la ap rezoud pwoblèm e devlope entèvansyon kòrèk pou ptit ou a. Y'ap envite w nan reyinyon sa a e patisipasyon w ap gen anpil valè. Y'ap sèvi ak entèvansyon yo pou yon peryòd tan ki fiks.
3. Ekip Asistans Entèvansyon an ap reyini ankò pou yo revize entèvansyon yo e wè si yon evalyasyon sikolojik ap nesesè. Si yo wè nesesite pou yon evalyasyon sikolojik, y'ap bezwen pèmisyon paran an anvan evalyasyon sa a fèt.
4. W'ap gen pou ranpli yon pake referans nan lekòl la, voye I bay Sèvis Sikolojik nan biwo distri a epi y'ap

voye I bay sikològ lekòl la ki pral responsab dosye a. Yo bay priorite ak evalyasyon yo selon lòd yo te resevwa yo. Piske yon evalyasyon sikolojik se yon bagay konplè e ki mande tan ak anpil travay, ptit ou kapab pran tan anvan yo wè l.

5. Se sikològ lekòl la ki pral deside ki materyèl egzamen ki aplikab pou keksyon referans lan. Yon evalyasyon sikolojik ka gen ladann yon evalyasyon pou youn oswa plis nan nivo sa yo:

Entèlektyèl:

Yo mezire abilite ptit ou genyen pou I aprann ak pou I kenbe sa I aprann yo, epi abilite I pou I rezoud pwoblèm.

Akademik:

Yo evalye talan akademik tankou lekti, matematik ak langaj ekri.

Demach:

Yo mezire fason ptit ou a aprann (fòs li e/oswa feblès li).

Nivo Sosyo-Emosyonèl:

Yo evalye abilite ptit ou nan fason l'ap evolye nan anviwonnan an. Yo ka ranmase kèk nan enfòmasyon pou nivo sa a nan entèvyou travayè sosyal lekòl la te fè ak paran yo.

Konpòtman Adaptatif:

Se yon evalyasyon sou jan ptit ou ap fonksyone lè se pa lekòl la li ye epi lè li nan sosyete. Yo ka ranmase kèk nan enfòmasyon pou nivo sa a nan entèvyou travayè sosyal lekòl la fè ak paran yo.

6. Lè yo fin fè evalyasyon sikolojik la, sikològ lekòl la ap bay nòt e l'ap entèprete enfòmasyon yo. L'ap prepare yon rapò sikolojik e l'ap distribye I nan lekòl la. Y'ap kontakte w konsènan rezulta evalyasyon an e w'ap pran yon kopi rapò a nan lekòl la.
7. Apre sa, yon espesyalis nan nivo distri a ap planifye yon reyinyon yo rele "staffing"= tout pèsonèl la. Komite staffing sa a, ki gen ladann espesyalis staffing nan, paran, pwofesè, sikològ lekòl la ak lòt manm pèsonèl lekòl la ki la pou sa, pral reyini pou reflechi sou evalyasyon an ak sou lòt enfòmasyon yo ranmase. Komite staffing nan ap deside elijiblite ak sèvis kòm sa dwa pou elèv la. Si yo wè nesesite pou yo bay ptit ou a yon plas edikasyon espesyal, y'ap fè rekòmandasyon ekri bay Plan Edikasyon Endividye (IEP).

Kèlkeswa keksyon w ta genyen, tanpri kontakte konseye lekòl ptit ou oswa sikològ lekòl la. Ou ka rele depatman Sèvis Sikolojik la nan 534-0961 pou w kontakte sikològ lekòl la.